Bible for Shildren



Heaven, Na Di Beautiful Home Of God

Na Edward Hughes write am

Na Lazarus Illosrate am

Na Sarah S. Adapt am

Na www.christain-translation.com translate am

Na Bible for Children produce am
www.M1914.org

©2021 Bible for Children, Inc.
License: You get di right to copy or print dis story,
as long as you nor dey sell am.

Wen Jesus dey live for eart E tell Hin disciples about Heaven. E call am "House Of My Papa", E tok sey many mansions dey for there. One mansion dey big, na beautiful home. Heaven dey big and veri beautiful pass any home for di eart.



Jesus tok sey, "I dey go prepare place for una to stay, if nor bi so, I for tell una. Wen I don finish, I go kom take una, so dat una go stay with mi for where I dey." Jesus go to Heaven, afta Hin stand up from di grave. Wen Hin disciples dey look, dem karry Jesus go up, and di sky kon take Am out of dia eyes.



3

Na since dat time, Christians don dey remember di promise of Jesus to kom back and karry dem. Jesus tok sey Hin go kom back anytime wen nobody dey expect Am. But what of Christians wey die bifor Hin come? Di Bible tok sey dem go go straight to stay wit Jesus. Make pesin dey absent from di body na to bi present wit di Lord.



4

Revelation, di last book in di Bible, tell us how wonderful Heaven bi. Di most wonderful tin bi sey, for very special way, Heaven na home of God. God dey everiwhere, but Hin throne dey for Heaven.



5

Angels and oda being wey dey for heaven dey worship God for Heaven. Na so all di pipol of God wey don die and don go Heaven. Dem dey sing special songs of praise to God.



6

Dis na some of di words from one song wey dem dey sing: Dem kon dey sing new song sey: "Yu holy rish to take di book kon open di keys, bikos dem kill yu an na yor blood save all God pipol from evry tribe, language, group and country Yu don choose dem as kings and priests wey go serve God and dem go rule for di eart." (Rev. 5:9)



7

Di last pages of di Bible tok about Heaven sey na "Di New Jerusalem". E dey veri, veri big, wit high wall outside. Di wall bi jasper stone, clear like crystal. Jewels and precious stones cover di foundation of di wall, e dey shine wit fine colors. All di gates of di city bi one big pearl!



8

Dose big pearly gates nor dey close. Make wi go inside go look around ... WOW! Heaven even dey more beautiful inside. Na pure gold dem take do di city, e kon clear like glass. Even di street na gold dem take do am.



9

Beautiful clear river of water of life dey flow from di throne of God. On di two side of di river di tree of life dey dere, wey first dey for di Gardin of Eden. Dis tree dey very special. E dey bring twelve differen kind of fruit, differen kind for everi month. And di leaves of di tree of life dey for di healing of nations.



10

Heaven nor need di sun abi moon for to give am light. Na glory of God fill am wit wonderful light. Nigth nor dey dere.



11

Even di animals for Heaven dey differen. Dem dey unda kontrol and dem dey friendly. Wolves and lambs dey chop togeda on top grass. Even mighty lions dey chop grass like di cow. Di LORD tok sey, "Dem nor go hurt abi destroy for all My holy mountain."



12

As wi dey look around, wi see sey somtins dey miss for Heaven. Wi nor hear angry words. Nobody dey fight abi dey sefish. Dem nor put key for di doors, bicos thieves nor dey for Heaven. Liars nor dey dia, murderers, sorcerers, abi other wicked pipol. Sins of any kind nor dey for Heaven.

13

For Heaven wit God tears nor dey dia again. Somtimes, pipol of God dey kry bicos of big sorrows for dis life. For Heaven, God go komot all tears.

14

Death nor dey for Heaven, sef. Pipol of God go dey wit di Lord forever. Sorrow nor dey dia again, krying nor dey again, pain nor dey again. Sickness nor dey, party nor dey, funerals nor dey. Everibody for Heaven go dey happy forever wit God.



15

As e good reach, Heaven dey for boys and girls (and pipol wey don grow too) wey don believe on Jesus Christ as dia Saviour and don obey Am as dia Lord. For Heaven one book dey wey dem dey call di Lamb Book of Life. Na pipol name full am. Seh you sabi names of pipol wey dem write inside am? All di pipol wey put dia trust for inside Jesus.

Seh your name dey dia?



16

Di las word of Bible about Heaven na wonderful invitation. "Di Spirit and di Bride sey, 'Kom!' Make di pesin wey hear sey, 'Kom!' And anybody wey wota dey hongry, make e kom; di pesin wey wont di wota wey dey give life, make e drink from am free of sharge."



17

Heaven, Na Di Beautiful Home Of God

Story wey kom from di Word of God, di Bible,

dey for inside

John 14; 2 Korinthians 5;
Revelashon 4, 21, 22

"Di tishing for your word dey give lite."
Psalm 119:130

18

Na Di End

60 60

19

Dis Bible story dey yarn us about our wonderful Baba God wey kreate us and Hin wan make wi sabi Am.

God sabi sey wi don do bad tins, wey Hin dey call sin. Di punishment for sin na die, but Baba God love you too much wey Hin kon send Hin only Pikin, Jesus, make Hin kom die on top Kross and make dem punish am for your sins. Den Jesus kon kom back to life and kon go back to Heaven! If you believe inside Jesus and you kon ask Am to forgive your sins, Hin go do am! Hin go kom and live inside you now, and you go live wit Am foreva.

If you believe sey dis na di truth, tok like dis to God: Dear Jesus, I believe sey You bi God, and kon bikom man to die for my sins, and now You dey live again. Abeg kom inside my life and forgive my sins, so dat I go fit get new life now, and one day I go fit dey wit You foreva. Helep me to obey You and live for You as Your pikin. Amen.

Read di Bible and tok wit God every day! John 3:16

20